



Republik Ayiti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## **Diskou Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen an, Akademisyen Rogéda Dorcé DORCIL, nan lansman 4<sup>èm</sup> edisyon Festival Entènasyonal Literati Kreyòl (FEL)**

Mesyedam lasosyete,

Onè!

Yon lane, prèske jou pou jou, dat pou dat, nou la ankò, nan non Akademi Kreyòl Ayisyen pou nou patisipe nan lansman ofisyèl 4<sup>èm</sup> edisyon Festival Entènasyonal Literati Kreyòl la.

Akademi kreyòl Ayisyen gen anpil fyète, anpil lajwa pou li, nan sans pa li, pote kole ak diferan responsab FEL yo pou konviksyon ak detèminasyon yo ki pèmèt yon fwa ankò, literati kreyòl nou an, literati kreyolofòn nan monn nan alonè depi prèske yon mwa deja. Soti Matinik nan ren mwa novanm, rive Ayiti, flanm nan te limen byen wo. Li kontinye ap lanse gwo gwo tonton flanm pou klere chemen tout ekriyen kreyolofòn ayisyen, isit lakay tankou ekriyen kreyolofòn ayisyen osinon lòt nasyon nan lòt kominote kreyolofòn ki ap pwodui literati kèlkeswa kote yo tabli nan monn nan.

Festival la, se yon okazyon pou AKA kominyen, manifeste lajwa li avèk yon seri moun espesyal ki viv, ki respire, ki esprime sa yo santi, sa yo viv, sa yo wè atravè sa yo pwodui kòm zèv literè, sou yon fòm osinon sou yon lòt.

Festival la tou, se yon okazyon pou nou mare kòd solidarite nasyonal ansanm epi solidarite entènasyonal ak yon gwoup moun ki sèmanite fòk yo ekri sa ki ap pase nan tèt yo, mete li sou fòm tèks, pou pèmèt yo vwayaje ale lwen, men tou pou yo rete yon temwayaj sa otè yo te ap viv nan yon moman byen presi nan egzistans yo kòm moun.

Sa konn rive moun pa ka dekode tousuit, pafwa menm, moun pa janm rive dekode sa ekriyen pwodiktyè a te vle di. Men tout moun rekonèt li kòm yon vwa ki gen otorizasyon pale pou di sa li wè, sa li viv, sa li santi, sa li ta renmen, sa li pwopoze pou sosyete a ranje kò li. Se rezon ki lakoz literati a ka pran divès fòm espresyon.

Kidonk, prezans nou, se pou nou ankouraje ekip FEL Ayiti a, yon bann jèn plen ak detèminasyon ki angaje yo pou fè literati kreyòl la reyone, voye tensèl vole monte pi wo chak jou. AKA p ap janm bouke bat bravo pou jèn sa yo ki pase kòm de veritab anbasadè mouvman literati kreyòl la. Mesyedam, Felisitasyon pou nou.

Yon felisitasyon espesyal pou mesye Anivince Jean Baptiste, ki se Prezidan Festival la an Ayiti. Mwen pwofite voye gwo gwo felisitasyon tou pou M. Yves Marie Seraline, prezidan FEL Matinik lan.



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Akademi an pwofite okazyon an tou pou li wete chapo devan de (2) gran envite d onè festival la ane sa a : Pwofesè Jo-Anne S. Ferreira, yon lengwis ki ap feraye nan Trinidad Tobago epi Akademisyen Guy Gérald Ménard, yon ekriven , yon pwofesè nan Inivèsite an Ayiti.

Se pa yon aza si atik 11 Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an presize Akademi an dwe:

- Fè tout sa ki nesèsè pou li ankouraje pwodiksyon nan lang kreyòl ;
- Ankouraje eksperyans pèp la ap fè nan dekouvèt, nan kreyasyon, nan pwodiksyon l ap fè an kreyòl, kit se pwodiksyon oral, kit se pwodiksyon ekri...
- Fè tout sa ki nesèsè pou fè kreyòl la gen bon jan reyònmman ak prestij nan je popilasyon ayisyen an ak nan je lòt popilasyon yo ;
- Fè envantè tout moun ki ap travay sou Lang kreyòl la ak espesyalis nan tout domèn ki ap pwodui nan tout domèn...

Eleman sa yo sèlman sifi pou montre kijan Akademi Kreyòl Ayisyen pa ka kanpe lwen, li pa ka rete aleka pou li pa ta kanpe ak FEL nan diferan reyalizasyon li yo.

AKA fè travay li lè li ankouraje lè li ankouraje bèl inisyativ sa a epi lè li felisite dinamis rayalizatè yoak tout rès ekip la, isit kou aletranje, ki defonse yo pou yo reyalize aktivite a.

AKA fè travay li lè li bat bravo pou tout pwodiktè, jèn kou granmoun ki ap travay kinalaganach nan fè pwomosyon kilti ak literati lang kreyòl la nan pwodiksyon tout kalte zèv literè.

Aka fè travay li malgre bidjè li fèb, li bay enstitisyon, osinon pèsonalite ki lage yo nan fè pwomosyon lang kreyòl la yon akonpayman (espès ou nati) piti kou li ye pou montre li kanpe ak yo.

Akademi Kreyòl Ayisyen ap toujou reponn prezan pou li ankouraje chak inisyativ yon gwoup sitwayen, yon enstitisyon osinon yon kreyatè pran pou li ede lang kreyòl la rete vivan. Kalite aksyon konsa mande gwo ankourajman. Se pou sa nou bat bravo lakontantman pou tout lòt enstitisyon ki sipòte evenman an. Nou vle site espesyalman : Fondation Maurice Sixto, Organisation Martiniquaise pour le Développement des Arts et de la Culture (OMDAC), san nou pa bliye tout lòt enstitisyon ki sipòte Festival Entènasyonal Literati Kreyòl la.

Pou 3<sup>èm</sup> edisyon an, nan ane 2021, FEL te deplwaye aktivite li yo sou tèm «**Literati nan konstriksyon moun**»

Akademi Kreyòl Ayisyen te ensiste pou li montre jan tèm nan te atire atansyon enstitisyon an lè nou konnen kijan literati kapab yon zouti, yon eleman ki ka ede nou gade sosyete a nan divès epòk. Si avan moun te abitye pran Literati kòm yon senp miwa sosyal, Festival Entènasyonal Literati Kreyòl reoryante lide a pou li fè wè literati a non sèlman kòm miwa sosyal, men sitou kòm memwa sosyal. Literati senp miwa sosyal... Literati a kapab ede reveye sosyete a nan dòmi. Yon bèl zèv kapab reveye konsyans, ede pèp la wè kote li gad, elatriye. Ane sa a ankò, AKA kontinye ankouraje ekip FEL la pou yo kontinye kenbe sou menm lanse a, pou yo kontinye



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



envite tout moun pou yo gade kijan nou ka sèvi ak literati pou oryante sosyete nou an nan pi bon direksyon. Mwen gen garanti, yo ap genyen tout sipò Komisyon kilti ak literati Akademi an, yonn nan komisyon teknik ki la pou ede yo reflechi sou kijan Akademi kreyòl la ede lang ak kilti kreyòl la, sa vle di literati pèp ayisyen an, antre nan fondamantal fòmasyon elèv yo depi premye jou yo antre lekòl. Mwen vle fè nou sonje sa : lide komisyon kilti ak literati a, se ede chak grenn elèv konstwi idantite yo atravè kont, kontin, istwa, chante ak pawoli lakay. Se yon fason pou konstwi yo kòm moun an jeneral, men sitou kòm ayisyen, ki makònen ak lang li, ak kilti li, ak literati li depi nan premye ane lekòl li. Nou te di sa ane pase. Nou vle di sa ankò yon fwa ane sa a : nou fèl!

Mwen p ap fini san mwen pa swete tout moun, tout kreyolofòn, tout kreyolis, tout pwodikètè, bon patisipasyon nan Festival Entènasyonal Literati Kreyòl pou ane 2022 a. Jan sa gentan fèt nan premye pati Festival la nan Matinik, AKA swete patisipan yo ap kontinye soulve bon jan deba nan sosyete a pou literati kreyòl nou an kontinye konstwi nou kòm moun ki gen yon idantite, yon lang, ki rele nou chèmèt, chèmètès.

Nan non Akademi an, espesyalman nan non Sekretarya egzekitif la, mwen swete pou aktivite a grandi, kontinye devlope, yon fason pou nou ka kontinye ankouraje kalite pwomotè lang kreyòl sa yo fè tout kalite bon pwodiksyon literè. Yonn nan pi bon mwayen pou nou bay lang nan ak kilti nou an jarèt pou li blayi tout kote san fòskote.

Pwovèb lakay la di : **si andedan pa vann ou, deyò p ap achte ou.** Kòm moun andedan, nou vann aktivite a, nou vann lide a. Nou vann FEL kreyòl ki ap fè yon bon travay. Deyò mèten vin achte. Yo ap jwenn bon bagay.

Mwen sèlman rete pou mwen di : Bon 4<sup>èm</sup> edisyon, vèsyon Ayiti. Bon jan lavi long pou FEL kreyòl. Bon jan reyònman pou lang ak kilti kreyòl toupatou sou latè.

Nan lane 2021, nou te fini mo Akademi Kreyòl Ayisyen ak yon deklarasyon mwen vle re pran :

**se gou sòs ki mete lang deyò.** Gou sòs la nan seremoni lansman an pèmèt nou espere nou pati pou yon 4<sup>èm</sup> edisyon ki ap kite bon gou nan bouch chak patisipan.

Avèk mo sa yo, AKA lanse aktivite Festival Entènasyonal Literati Kreyòl 2022.

Bon travay! Annou FEL. Nou ka FEL.

Mèsi anpil pou atansyon nou !